

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Ngaran mangrupa hal anu penting dipimilik ku sagala rupa hal anu aya di alam dunya, boh hal anu katingali, boh nu teu katingali, ti mimiti ngaran pikeun jalma, sato, tutuwuhan, tempat, jalan, daérah, jeung sajabana. Ieu ngaran mangrupa mangrupa idéntitas anu paling utama. Saluyu jeung pamadegan Jacob Rais dina *Toponimi Indonesia* (2008:1) yén “nalika manusa gubrag ka alam dunya aya dua atribut anu nyantél dina diri manusa, nyaéta ngaran diri (*antroponim*) jeung tempat gumelar (*toponimi*). Dua atribut éta téh aya dina idéntitas manusa anu kacatet dina Akta Kelahiran, Kartu Tanda Penduduk (KTP), Paspur, Surat izin Mengemudi (SIM), Surat Nikah jeung sakabéh dokumén anu ngabutuhkeun idéntifikasi diri. Properti mangrupa ngaran anu dipaparin ku kolot pikeun anakna anu karék gelar ka alam dunya sarta baris nyantél nepi ka jalma tilar dunya, éta ngaran tetep marengan dina tutunggul.”

Dumasar kana éta hal, tétéla ngaran éta sorangan miboga sababaraha mangpaat jeung tujuan, di antarana pikeun idéntifikasi, komunikasi, jeung informasi. Sababaraha mangpaat éta lain ngan saukur keur manusa wungkul, tapi bisa ogé keur patempatan atawa wilayah anu geus dibéré ngaran ku manusa éta sorangan (Rais, 2008:1).

Lamun medar ngeunaan ngaran patempatan atawa wilayah, tangtu baé sakabéh tempat atawa wilayah miboga ngaran séwang-séwangan anu sakapeung

bisa méré gambaran ngeunaan kondisi éta tempat, boh dina masalah kondisi objéktif éta lingkungan wilayah/patempatan, boh dina masalah sajarah atawa kasang tukang budaya éta tempat. Sacara paélmuan nataan patempatan kieu ilaharna sok disebut toponimi. Sacara étimologis, toponimi asal kecapna tina *topos* jeung *onama* (*name*). *Topos* hartina tempat, sedengkeun *onama* hartina ngaran. Jadi toponimi téh nyaéta kagiatan merenahkeun ngaran-ngaran patempatan.

Toponimi ngawengku sababarah aspék, di antarana aspék fisik, anu kabagi kana aspék hidrologis, aspék géografis, aspék biologis, sarta aspék nonfisikal, anu kabagi kana aspék sosial jeung aspék kultural.

Panalungtikan toponimi anu disawang tina aspék kultural, hususna dina aspék mitologi kawilang kurang saupama dibandingkeun jeung panalungtikan toponimi hiji wilayah anu ditilik tina aspék fisik, anu ngawengku aspék géomorfologi, aspék hidrologis, jeung aspék biologis. Éta hal disababkeun panalungtikan ngeunaan toponimi dina ieu aspék rada hésé dina prak-prakanana. Loba hal anu mangaruhan sarta jadi bangbaluh dina ieu panalungtikan. Salasahiji conto bangbaluhna, nyaéta kurangna sumber jeung narasumber anu ngarojong kana ieu panalungtikan. Maksudna, ku sabab panalungtikan dina aspék saperti kieu mah loba hubunganana jeung manusa, dina harti ku sabab sumber data ngandelkeun narasumber. Jadi, tangtuna loba hal-hal anu bakal robah atawa leungit, boh éta mah alatan robahna basa ku ayana kamekaran basa jeung alatan tatalépa téa nu ngabalukarkeun aya data-data nu robah atawa leungit.

Saperti salasihiji conto ngeunaan asal-usul ngaran tempat Darangdan. Darangdan asal kecapna tina dangdan. Numutkeun Kamus Umum Basa Sunda karya Danadibrata (2006:158), dangdan téh miboga harti salaku kecap pagawéan makékeun, nerapkeun kaperluan, nerpakeun papakéan, supaya lengkep. Dina pedaran ngeunaan asal-asul ngaran Darangdan di luhur, tétéla masih kénéh kudu dipedar deui leuwih jero, kumaha sistem méré ngaran tempat Darangdan, sabab dina pedaran di luhur ngan saukur dipedar numutkeun sumber tinulis hungkul bari jeung teu aya pedaran leuwih jero ngeunaan aya henteuna pangaruh aspék mitologis dina sistem méré ngaran ieu tempat. Ku kituna dina ieu panalungtikan kudu dipedar kumaha sistem méré ngaran tempat di wilayah Kecamatan Darangdan numutkeun aspék mitologis, sangkan éta hal bisa kapaluruh leuwih jero deui.

Salian ti mangpaatna pikeun ngadata ngaran-ngaran patempatan di hiji wilayah, toponimi ogé miboga fungsi séjén anu bisa ngarojong kana kamekaran atikan. Salasihiji pungsina nyaéta bisa dipaké pikeun bahan ajar, di mana bahan ajar nu dimaksud didieu nyaéta bahan ajar ngeunaan ngaregepkeun dongéng, anu di antarana medar ngeunaan kumaha asal-muasal ngaran hiji patempatan atawa naha pangna hiji tempat bet dingaranan saperti kitu. Éta hal mangrupa salasihiji conto aplikasi tina hasil panalungtikan toponimi.

Dumasar kana *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) Mata Pelajaran Bahasa Sunda*, pangaweruh maca anu kudu ditepikeun ka siswa kelas XII SMA di antarana ngaregepkeun dongéng. Bahan pangajaran gedé pangaruhna kana kahontal henteuna tujuan pangajaran, sabab mangrupa eusi tina kagiatan

diajar ngajar. Ku kituna, éta bahan téh kudu dipilih. Ari sarat pikeun nangtukeun bahan téh nyaéta ku jalan milih jeung nimbang bahan pangajaran anu diluyukeun jeung tingkat kamekaran siswa.

Dumasar kana sababaraha pedaran katut sababaraha pamadegan para ahli di luhur, ieu panalungtikan baris museur kana toponimi wilayah Kecamatan Darangdan Kabupatén Purwakarta dumasar unsur mitologina anu disaluyukeun kana Standar Kompetensi (SK) salaku bahan pangajaran anu aya di kelas XII SMA.

Sababaraha panalungtikan geus loba nu medar ngeunaan toponimi hiji daérah atawa patempatan. Tapi nu dipedar lolobana ngeunaan toponimi dina aspék fisik, anu ngawengku aspék hidrologis, aspék géografis sarta aspék biologis. Aspék-aspék nu disebut di luhur mangrupa aspék-aspék anu medar toponimi hiji wilayah numutkeun bukti-bukti atawa data-data anu mémang geus nyampak di éta tempat, saperti halna aspék géografis anu nalungtik toponimi hiji wilayah tina unsur rupa bumi atawa kondisi géografis éta wilayah. Panalungtikan dina aspék saperti kitu kawilang teu pati hésé, sabab hal-hal anu ngarojong atawa anu ngasang-tukangan toponimi éta wilayah geus nyampak tur bisa katingali. Dina néanganna gé moal pati hésé, da nyampak téa.

Aya sababaraha panalungtikan ngeunaan toponimi geus aya nu nalungtik mangrupa skripsi, di antarana:

- 1) Hidayat Kusdinar (2011) *Istilah Patempatan Dumasar Toponimi Di Kecamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat*
- 2) Agung Priyaguna (2008) *Toponimi Di Kota Sukabumi,*

- 3) Iid Abdul Aziz (2004) *Adegan Kecap Dina Toponimi Kampung di Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut*,
- 4) Susi Sunarti (2006) *Adegan Kecap Dina Toponimi Kampung di Kacamatan Ciharip Kabupatén Garut Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP*.

Nepi ka danget ieu masih kurang panalungtikan anu nalungtik toponimi anu museur kana aspék mitologi sacara husus, sarta can aya ogé anu nalungtik di wilayah Kecamatan Darangdan. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan dina wangun skripsi, sangkan kapanggih aspék-aspék mitologi anu mangaruhan kana toponimi wilayah Kecamatan Darangdan Kabupatén Purwakarta. Pikeun kapentingan skripsi, judul ieu panalungtikan nyaéta “Toponimi Wilayah Kecamatan Darangdan Kabupatén Purwakarta Dumasar Aspék Mitologi pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Dongéng di Kelas XII SMA”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Toponimi Wilayah Kecamatan Darangdan dipangaruhan ku rupaning aspék. Sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing, masalah anu dipedar museur dina sabudeureun toponimi wilayah Kecamatan Darangdan dumasar aspék mitologis.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha sistem méré ngaran tempat anu aya di sabudeureun Kecamatan Darangdan?
- 2) Ngaran tempat mana waé anu ngandung aspék mitologi?
- 3) Kumaha hasil kajian ngeunaan ngaran-ngaran tempat di Kecamatan Darangdan anu ngandung aspék mitologi disusun jadi bahan pangajaran ngaregepkeun dongéng di kelas XII SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta medar ngeunaan toponimi wilayah Kecamatan Darangdan.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan anu hayang dihontal ngaliwatan ieu panalungtikan nya éta ngadéskrupsikeun:

- 1) sistem méré ngaran tempat anu aya di sabudeureun Kecamatan Darangdan.
- 2) ngaran-ngaran tempat di wilayah Kecamatan Darangdan anu ngandung aspék mitologi.
- 3) ngaran-ngaran tempat di Kecamatan Darangdan anu ngandung aspék mitologi bahan pangajaran ngaregepkeun dongéng di kelas XII SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban khazanah kabudayaan khususna budaya lisan ngeunaan toponimi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan paélmuan ngeunaan toponimi disawang tina aspék mitologi, sarta bisa méré gambaran ka masarakat satempat ngeunaan kasang tukang hiji tempat bisa dingaranan samodél kitu.

1.5 Méthode Panalungtikan

Suyatna (2002:14), nétélakuen yén méthode panalungtikan déskriptif nyaéta méthode panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif wungkul, teu hiji hipotésis, teu nyieun ramalan atawa teu meunangkeun ma'na implikasi.

Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun méthode deskriptif. Anu jadi dasar dipakéna méthode déskriptif nyaéta pikeun ngadéskripsikeun toponimi wilayah Kecamatan Darangdan dumasar aspék mitologi.

Prosés ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan diluyukeun jeung waktu sarta kamampuan anu nyampak, saterusna disusun jadi hiji carita anu sagemblengna.

1.6. Sistematika Penulisan

Sistematika penulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, nya éta: Bab I bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, métode panalungtikan, mangfaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan; Bab II ngeunaan kajian tiori tina ieu panalungtikan, medar kabudayaan, basa, folklore, toponimi, jeung bahan ajar; Bab III Métodologi Panalungtikan nu dipake dina ieu skripsi nu medar ngeunaan desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan jeung sumber data; Bab IV ngadeskripsikeun hasil tina panalungtikan, diantarana waé pembahasan ngeunaan déskripsi toponimi wilayah Kecamatan Darangdan, analisis toponimi wilayah Kecamatan Darangdan, jeung bahan pangajaran bahan pangajaran ngaregepkeun dongéng di kelas XII SMA; Bab V ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran ti panalungtik ngeunaan hal-hal nu aya pakuat-pakaitna salila panalungtikan pikeun panalungtik kahareupna.